

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung pedaran kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung taun ajar 2018-2019, bisa dicindekeun saperti ieu dihandap.

Kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung taun ajar 2018-2019 saméméh ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo nyaéta kaasup kana katégori cukup, rata-rata peunteunna nyaéta 60,8. Ieu hal katitén tina rata-rata peunteun unggal aspék, diantaranya: (1) lentong rata-rata peunteunna 18,1 tina skor maksimal 25, kamampuh siswa dina aspék lentong kaasup katégori alus; (2) diksi rata-rata peunteunna 17,6 tina skor maksimal 25, kamampuh siswa dina aspék diksi kaasup katégori cukup; (3) volume sora rata-rata peunteunna 9,1 tina skor maksimal 15, kamampuh siswa dina aspék volume sora kaasup katégori cukup; (4) gerak jeung paroman rata-rata peunteunna 7,8 tina skor maksimal 15, kamampuh siswa dina aspék gerak jeung paroman kaasup katégori cukup; (5) kalancaran rata-rata peunteunna 8,2 tina skor maksimal 15, kamampuh siswa dina aspék kalancaran kaasup katégori cukup. Aspek anu rata-rata peunteunna pangleutikna nyaéta aspék gerak jeung paroman, hartina siswa kurang ékspresif sarta cenderung datar dina paroman sarta gésturna nalika midangkeun paguneman di hareupeun babaturanna, sedengkeun anu rata-rata peunteunna paling badag nyaéta aspék lentong anu hartina siswa geus mampu ngalarapkeun lentong, wirahma jeung nada anu merenah. Siswa anu kagolong katégori alus aya 14 siswa (43,75%), siswa anu kaasup katégori cukup aya 18 siswa (56,25%).

Kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung taun ajar 2018-2019 sabada ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo nyaéta kaasup kana katégori cukup, rata-rata peunteunna nyaéta 81,3. Ieu hal katitén tina rata-rata peunteun unggal aspék, diantaranya: (1) lentong rata-rata peunteunna 21,9 tina skor maksimal 25, kamampuh siswa dina aspék lentong kaasup katégori alus; (2) diksi rata-rata peunteunna 22,8 tina skor maksimal 25, kamampuh siswa dina aspék diksi kaasup katégori alus pisan, nu nuduhkeun yén siswa geus mampu milih

jeung maké kecap anu merenah, sarta merhatikeun undak-usuk basa; (3) volume sora rata-rata peunteunna 12,2 tina skor maksimal 15, kamampuh siswa dina aspék volume sora kaasup katégori alus, nu nuduhkeun yén siswa geus mampu nepikeun paguneman ku sora nu bedas sarta jelas; (4) gerak jeung paroman rata-rata peunteunna 11,9 tina skor maksimal 15, kamampuh siswa dina aspék gerak jeung paroman kaasup katégori alus,; (5) kalancaran rata-rata peunteunna 12,5 tina skor maksimal 15, kamampuh siswa dina aspék kalancaran kaasup katégori alus. Rata-rata peunteun sakabéh aspék sabada ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo geus nyangking katégori alus. Siswa anu kagolong katégori alus pisan aya 16 siswa (50%), siswa anu kaasup katégori alus aya 16 siswa (50%).

Aya béda anu signifikan antara kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung taun ajaran 2018-2019 saméméh jeung sabada ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo. Ieu hal dibuktikeun dina uji hipotésis kalawan hasil ngitung statistik atawa *t-statistic* ngahasilkeun peunteun 17,773 jeung siignifikansi (Sig.2-tailed) 0,000. Kusabab peunteun signifikan (Sig.2-tailed) nyaéta $0,000 < 0,05$, ku kituna H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Ku kituna, bisa dicindekeun yén téknik *mnemonik* jeung média vidéo bisa ngaronjatkeun kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung taun ajar 2018-2019.

5.2 Implikasi

Téknik *mnemonik* jeung média vidéo ngalarapkeun pikeun ngaronjarkeun kamampuh paguneman. Dina prak-prakanna, ieu média téknik *mnemonik* jeung vidéo bisa ngirut siswa, lantaran téknik *mnemonik* anu nyieun prosés ngapalkeun jadi leuwih gampang jeung pikaresepeun sarta peran vidéo nu nyieun siswa leuwih paham dina ngaaplikasikeun paguneman. Ku kituna, ieu téhnik jeung média meunang sawangan anu positif ti guru jeung siswa. Ieu téknik *mnemonik* jeung média vidéo miboga poténsi pikeun nuwuhkeun imajinasi sarta minat siswa dina kagiatan ngapalkeun salah sahijina kana undak usuk basa Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan téknik *mnemonik* jeung média vidéo dina pangajaran paguneman (studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung taun ajar 2019-2019), aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun, di antarana:

- 1) Téknik *mnemonik* jeung média vidéo bisa dijadikeun salah sahiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran séjénna, kusabab geus kabuktikeun bisa ngaronjatkeun hasil diajar kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung taun ajar 2018-2019 dina pangajaran paguneman.
- 2) Ku sabab téknik *mnemonik* jeung média vidéo geus ngalarapkeun dina panalungtikan kuasi ékspérimén, kahareupna perlu dilaksanakeun dina métode panalungtikan séjén, upamana dina panalungtikan ékspérimén murni jeung *Penelitian Tindakan Kelas* (PTK). Ieu hal pikeun ngabuktikeun kaéfektifan téknik *mnemonik* jeung média vidéo.
- 3) Pikeun panalungtik kudu leuwih asak deui dina ngararancang prak-prakan téknik *mnemonik* jeung média vidéo.